



# UJIAN SEKOLAH

## SMP POMOSDA

### TAHUN PELAJARAN 2022-2023

© smp pomosda smp pomosda

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari, Tanggal	: Senin, 3 April 2023
Kelas	: IX (Sembilan)	Waktu	: 45 Menit
Ustadz / Ustadzah	: Zakiyah Arifah	Sifat	: Tutup Buku

#### A. Pilih salah satu jawaban ingkang leres (bener)!

1. Wicanten (ngomong) wonten ing ngajenge (ngarep) piyantun (uwong) kathah kanthi ancas (jelas) lan tujuan tartamtu. Tanggap wacana uga diarani.....
  - a. medharsabda
  - b. mernata adicara
  - c. manembrama
  - d. umbul donga
2. piyantun ingkang nindakaken sesorah utawi tanggap wacana dipun wastani ( arani).....
  - a. pambiwara
  - b. pranatacara
  - c. pamedharsabda
  - d. panembrama
3. Struktur teks tanggap wacana yaiku.....
  - a. pambuka, isi, panutup
  - b. salam, pambuka, isi
  - c. pambuka, acara inti, panutup
  - d. pambuka, salam, panutup
4. Wigatosaken (Gatekna) teks pawarta wonten ing ngandap punika!

Dinten minggu warga padukuhan Tanjung, Tanjunganom Nganjuk ingkang racakipun inggih para priya tumut kerja bhakti ndamel paving konblock ing POMOSDA, Konblock meniko dipundamel saking campuran pasir lan semen ingkang selajengipun dipun cetak ngantos garing (aking). Ketua RW Dukuh Tanjung, Agus Suyudi mratelakaken kerja bakti kados mekaten inggih ajeg dipun tindakaken saben Minggu. Dene ancasipun (jelasipun) inggih kangge gantos konblock ingkang rusak (rusak) dating sauruting margi (jalan) ing padhukuhan. Awit winatesing ragat, pramila warga gotong royong ndamel konblock dene ragatipun dipundhutaken saking iuran warga padhukuhan Sidomulya ing saben wulanipun.

Ingang dados isi bakune pawarta wonten nginggil (Ndhuwur) inggih punika (yaiku).....

- a. Saben dinten (dino) Minggu warga dukuh Tanjung kerja bakti ndamel (gawe) paving
- b. Ingang dipun wastani (arani) konblock niku pasir dipun campur semen lajeng (lalu) dicithak lan dipepe
- c. Warga dukuh Tanjung, Kecamatan Tanjunganom Nganjuk kathah – kathahipun (akeh – akehe) piyantun kakung (priyo)
- d. Ragat kangge ndamel konblock dipun pendhetaken (jupukake) saking iuran warga saben sasnipun

5. Wigatosaken (Gatekno) layang ulem ing ngisor iki!

Winantu saguning pakurmatn,  
Kanthi ngahajab ridanipun Gusti Inggang Maha Agung, kula badhe ngitanaken  
(khitan/sunat) yuga kula ingkang nomer kalih, pramila Panjenengan kula aturi rawuh  
benjang,  
Dinten : Ahad Wage  
Katiti mangsa : 29 April 2021-03-16  
Wekdal : tabuh 19.00 wekdal Indonesia iring kilen  
Panggenan : ing gedhung “Sasana Kridha” Jl. Raya Tawang Sari Garum  
Keperluan : walimatul khitan

Panutupe layang wonten ing nginggil ingkang paling trep inggih punika.....

- Mujudaken satunggaling kabagyan tumrap kulo sakeluarga bilih Panjenengan kersa rawuh saperlu paring berkah idi pangaksami. Awit saking rawuh panjenengan kula aturaken agenging panuwun.
  - Cekap semanten serat saking kula, hambokbilih wonten klenta – klentunipun anggen kula nyerat, kula nyuwun agunging sih samudra pangaksami. Matur sembah nuwun saking kawigatosanipun
  - Kula kinten mboten perlu kula panjang lebaraken serat saking kula, ingkang baken (baku) rawuh panjenengan ingkang kulo ranwos. Bilih wonten kalepatan kula nyuwun agunging sih samudra pangaksami
  - Mujudaken satunggaling kuwajibanipun tiyang sepuh dhumateng putranipun jales bilih sampun titi wancinipun kedah dipunkhitanaken. Wasan cekap semanten nyuwun pangapunten saking sedaya kalepatan.
6. Wigatosaken pethilan layang wonten ing ngandap punika!

Nganjuk, 21 Juli 2022

Kanggo  
Bapak lan Ibu  
Ing ngomah

Panalise tulisan wonten ing nginggil ingkang paling trep kedhipun (kudune).....

- |   |   |
|---|---|
| a. Kagem<br>Bapak lan Ibu sing tak tresnane<br>ing ndalem | c. Kagem<br>Bapak saha Ibu<br>ing ngomah                |
| b. Mugi katur<br>Dhumateng Bapak saha Ibu<br>ing dalem    | d. Mugi katur<br>Dhumateng Bapak saha Ibu<br>ing ngomah |

Wigatosaken pethilan teks wonten ing ngandap meniko! ( kangge soal nomer 7, 8, 9, 10) ketingal lingkungan kang kumuh. Kresek pating blasah ora karu – karuan. Andi mlampah menyang griyanipun ingkang wonten ing kampung meniko.

Andi : “Buke, buk....., buk.....! kula mantuk

Bu Siti : (cepat – cepat mios saking ndalem lan mbikakaken pintu) “sampeyan wis bali Le?”

Andi : (mlebet wonten griyo sareng Bu Siti) “Inggih bu, dinten niki kula angsal arta kathah.”

Bu Siti : “Wah, yaa syukur yen ngono. Kena dienggo blanja. Endi dhuwite?”

Andi : (kaleh mendhet saking sakune lan mendhet arta asil saking sadean (dodol) korane lajeng ngaturaken artanipun kegem Bu Siti) Niki, Bu”

Bu Siti : (Sinambi nampani arta kaleh ekspresi kang kaget) “Hah, kadingaren kok akeh tenan iki!”

Andi : “Niku ingang tumbas putranipun tiyang sugih , piyambake sanjang jupuken bae sisane.”

Bu Siti : “Wah kok apik tenan arek iku, sameyan wis ngomong matur suwun?”

Andi : “Sampun, Bu. Piyambake pancen loman, ananging sombong, mantun tumbas Koran, kula langsung dipun usir.”

7. Menawi dipun tingali saking wujudipun, teks wonten ing nginggil dipun wastani teks.....
  - a. Tembang
  - b. Drama
  - c. Guritan
  - d. Narasi
8. Kahanan kang kagambarake jroning teks drama ing nginggil nggih meniko.....
  - a. Nrenyuhake
  - b. Mrihatinake
  - c. Seneng banget
  - d. Lucu banget
9. Pesen moral kang kinandhut jroning teks wonten ing nginggil inggih meniko.....
  - a. Dadi menungso kuwi kudu sabar, yen wis sugih ojo sombong
  - b. Wong urip kuwi kudu sregep, nyambut gawe supaya bisa sugih
  - c. Senajan ta dadi wong sugih kudu tetep sregep nyambut gawe
  - d. Sapa sing seneng tetulung marang wong liya bakal nampa pinwales
10. Cepet – cepet mios saking ndalem lan mbikakaken pintu, krama lugune.....
  - a. Wis awit mau pintu tak bukak, Le
  - b. Cepet – cepet mlebu omah lan nutup lawang
  - c. Cepet – cepet medal seko griyo lan mbukakke lawang
  - d. Cepet – cepet nutup lawang lan metu liwat buri
11. Wong sing tugase mimpin lan ngatur lumakune drama yaiku.....
  - a. Aktor
  - b. Figurane
  - c. Antagonis
  - d. Sutradara
12. Orientasi yaiku sawijining struktur teks drama kang duwe teges.....
  - a. Para paraga diadhepake ing prakara (konflik) dhewe – dhewe nganti klimaks
  - b. Para paraga dikenalake watake, uga dhapuke ing drama
  - c. Para paraga wis nemokake cara kanggo ngrampungake perkarane (peleraian)
  - d. Pesen utawa nilai – nilai moral kaang disampekake marang pamiarsa
13. Sawijining aksi / solah bawa, utawa carita kang dipentasake dening paraga – paraga diarani....
  - a. Sesorah
  - b. Drama
  - c. Geguritan
  - d. Panembrama
14. Gatekno pethilan tanggap wacana ana ing ngisor iki!  
Minangka purwakaning atur mangga kita sesarengan tansah ngonjukaken puji syukur dhumateng Ngarsaning Gusti Inkang Maha Agung, inggih awit saking rohmat, taufiq, saha hidayah saking gusti Inkang Maha Welas lan asih, kulo lan panjenengan sedoyo saget makempal manunggal kanthi kawilujengan saha pinaringan kasarasan.
15. Perangan tanggap wacana ing ndhuwur diarani.....
  - a. salam pembuka
  - b. isi
  - b. pembuka
  - d. panutup

16. Ukara – ukara ing ngisor iki sing unggah – unguhe paling trep yaiku.....
  - a. Yen ngaten mangga panjenengan langsung kulo paringi wekdal kangge matur
  - b. Ingkaang panjenengan aturaken kalawau kok mboten wonten pedhotipun
  - c. Menapa ingkang kulo aturaken kalawau bilih kirang trep, nyuwun pangaksami
  - d. Nyuwun pangapunten kulo jumeneng wonten ing ngarsa panjenengan sedaya

Assalamu'alaikum, dipun tepangaken **nami** kula Danang, griya kula Klathen, tapi sampun **klentu**, sanes Klathen Jawa Tengah lho..!? tapi Klathen Nganjuk. Bapak kula **Asmanipun** Surya Diro. Bapak kula meniko piyantunipun lembah ugi sabar. Sedherek kula wonten gangsal. Sedoyo **tunggal welat**. Mboten wonten ingkang **sedherek angkat**. Sedherek kula puniko estri sekawan, jaler kalih. Wah . . . keluarga kula meniko Alhamdulillah rukun tur kompak, sedoyo pedamelan dipun lampahi sareng – sareng. Alhamdulillah inggih mboten ren irenan. Kula menika, inggih anggadhahi **sederak misanan**, naminipun Abdul, kula **criyasaken** menika amargi larene menika anggadhahi watak **ambek darma**, kaliyan sinten kemawon sae. Benten kaliyan rencang kula, ingkang naminipun Kemit, larene anggadhahi watak **mbrekunung**. Dadose kathah rencang ingkang mboten remen kaliyan rencang kula ingkang nami Kemit meniko. Kula wau sampun **matur utawi sanjang** wonten ngarsane **panjenengan utawi sampeyan** sedoyo menawi kula nggadahi sederek tunggal welat ingkang jumlahipun sekawan. Rayi kula ingkang angka kalih meniko estri larenipun radi nggadahi watak **clingus**, nah . . . wonten mriki kula badhe nyuwun **pitedah** dumateng sampeyan utawi panjenengan sedoyo kados pundi supados rayi kula menika watakipun clingus saged ical.

Eh . . . kula kesupen, kula menika inggih anggadhahi simbah ingkang dalemipun Nganjuk kota, simbah kula menika Sampun sepuh, **yuswane** antawis **pitung dasa tahun**, niku simbah kakung, menawi simbah putri sampun sedo kirang langkung setengah tahun kepenger, simbah kakung kula rikamane sampun kathah ingkang pethak, wajanipun inggih sampun kathah ingkang ical. Simbah kakung asring tindak ten **dalemipun** Bapak inggih ten **griya** kula menopo, lha wong kula putrane Bapak je...! simbah kakung menawi tindak wonten panggenan kula biasanipun nitih sepedha motor , dipun dherekaken kaliyan **putu keponakan** ingkang daleme celak kaliyan simbah. Menawi simbah wonten panggenan kula, asringipun **nyipeng sedalu**, simbah asring paring nasehat dumateng kula lan sedherek welat kula, salah setunggale ingkang di dhawuhaken ten kula menika “le... dadi uwong kuwi kudu sing **blater, alim**. Aja dadi uwong sing **candhala lan cethil**. Di eling – eling yo le, ndhuk putuku sing ayu – ayu lan ganteng – ganteng. Kula kaliyan sedherek welat kula serempak jawab inggiiiih. Muga – muga ora mung inggih tapi mboten kepanggih. inggih cekap semanten kemawon cariyos kula babagan kulawarga kulo kaliyan cariyosipun rencang kulo, mugi kito tansah anggadhahi watak ingkang andhap asor, ambek pati ugi mugi dipun tebihaken saking watak adigang, adigung, adiguna ugi watak aja dume. Suwun. Wassalamu'alaikum.

17. Tulis menapa nasehat saking simbah kakung saking wacan ing nginggil .....
  - a. Dadi uwong kudu blater, alim
  - b. Dadi uwong aja gampang lara ati
  - c. Dadi uwong kudu ndada lapang dada
  - d. Aja dadi uwong sing cendhala lan cethil
  
18. pinten sederek saking Danang wonten wacan ing nginggil....
  - a. 2
  - b. 3
  - c. 4
  - d. 5

19. Sinten piyantun ingkang anggadahi sifat lembah ugi sabar.....
- Bapakipun Danang
  - sederek misanan
  - Danang
  - Sedherek angkat
20. Sinten piyantun ingkang anggadahi sederek 5.....
- Bapakipun Danang  
sederek misanan  
Danang  
Sedherek angkat

### Uwuh Bisa Ndadekake Rupiah

Jinise uwuh kuwi bisa digoongake saka sipat lan wujud. Adhedasar sipaate, ana uwuh organic lan anorganik. Uwuh organic mujudake uwuh sing gampang bosok, upamane, sisa – sisaning panganan, gegodhongan, lan sapanunggalane. Dene uwuh anorganik mujudake uwuh sing ora gampang bosok, upamane: plastic, kayu, kaca, kaleng, lan sapanunggalane. Uwuh organic bisa didadekake kompos kanggo rabuk, dene uwuh anorganik bisa di jenang maneh (daur ulang) kang bisa didadekake barang – barang kang luwih migunani.

Adhedhasar wujud, ana uwuh padhet, cuwer, alam, konsumsi, lan radhioaktif. Uwuh padhet iku uwuh sing wujud atos, kayata; uwuh pawon, kebun, plastic, gelas, lan sapanunggalane. Uwuh organic lan uwuh anorganik bisa digolongane dadi uwuh padhet. Uwuh cuwer mujudake bahan – bahan cuwer utowo mbanyu (cair) sing wis digunakake lan ora diperlokake maneh, upamane, banyu saka pakiwan ( kamar mandi/toilet), saka pawon, banyu saka sisa – sisaning kumbahan, lan limbah utawa uwuh cuwer sing diasilake saka kegiyatan industri pabrik. Uwuh alam mujudake uwuh sing diasilake saka proses alam, upaane gegodhongan sing rontok kng bisa diolah dadi rabuk kompos. Uwuh konsumsi, uwuh sing diasilake saka kegiatan konsumsi manungsa kang dibuwang ing pawuhan (tempat sampah). Denen uwuh radhioaktif yaiku uwuh nuklir sing mujudake asil seka proses nuklir kang ngasilake uranium lan thorium. Uwuh radhioaktif iki membayani baanget tumrap lingkungan lan panguripan manungsa jalaran bisa ngasilake radhiasi ala tumrap kesehatane manungsa.

Sanajanta mung awujud uwuh sing kaya – kaya wis ora kangge kang kadhangkala ndadekake dredah lan masalah, nanging Manawa manungsa gelem mbudidaya lan gelem ngupakara kanthi becik pranyata bisa mumpangati lan bisa nekakke rupiah utawa bisa dadi dhuwit. Mulane bab uwuh iki ayo diopeni kanthi becik, murih bisa mumpangati lan ora njalari anane masalah maneh.

21. Miturut wacan ing nginggil, ingkang dipun wastani uwuh yaiku.....
- material bakal samubarang
  - material sisane samubarang
  - barang – barang sing ora kanggo
  - barang sing isih durung dadi
22. Ing ngisor iki sing mujudake tuladhane uwuh organic yaiku.....
- gegodhongan, plastic, kresek
  - sisane panganan, kaleng, kertas
  - gegodhongan lan sisane panganan
  - sisane panganan, kresek, karet
23. Ing ngisor iki sing mujudake tuladhane uwuhan anorganik yaiku.....
- sisane panganan, kresek
  - kaca, plastic, kaleng
  - plastek, sisane panganan
  - kayu, banyu, gegodhongan

24. Uwuh organic lan uwuh an organic iku kalebu jinise uwuh.....  
a. padhet      b. cuwer      c. konsumsi      d. radhioaktif
25. Bahan – bahan sing mbanyu (cair) sing wis digawe lan ora diperlokake maneh diarani uwuh.....  
a. cuwer      b. konsumsi      c. alam      d. radhioaktif